

# Fanmi kòm Defansè: Fè Pledwaye pou Elèv Mwen an kap Aprann Plizyè Lang

Antanke yon fanmi ki pale plizyè lang, lè w ap fè pledwaye pou pitit ou a, sa vle di ou gen dwa pou w enfòme, patisipe, epi pou nou respekte w kòm yon patnè ki egal nan devlopman langaj pitit ou a, aprantisaj ansanm ak lòt aspè nan edikasyon li. Resous sa a ofri sijè ak egzanp kesyon pou paran ak fanmi poze edikatè yo e li fèt pou ranfòse efò pledwaye yo. Li te kreye ak kontribisyon plizyè fanmi tankou pa w la ki te pataje priyorite yo ki te gen pou wè ak pledwaye pou pitit yo. Ou ka chwazi sijè ak kesyon ki pi enpòtan pou ou epi ajoute lòt kesyon si sa nesesè.

## Ankouraje Kominikasyon Bilateral, Aksè ak Lang, ak Angajman

Ou gen dwa pou gen yon kominikasyon ki klè, ki konsistan, ki resipwòk epi ki aksesib ant ou menm ak lekòl pitit ou a. Li enpòtan tou pou w santi yo byen resevwa w e ke yo enkli w. Seksyon sa a ofri kesyon ou ka itilize pou w defann dwa w pou gen kominikasyon bilateral, sèvis aksè ak lang, ak angajman nan lekòl yo.

### Kominikasyon Bilateral

1. Èske gen yon moun nan lekòl la oswa nan distri a ki travay dirèkteman ak fanmi yo e/oswa kominote yo? Si wi, kòman mwen ka kontakte yo?
2. Konbyen fwa mwen ta dwe atann mwen tande nouvèl pwofesè yo oswa lekòl la, epi kòman mwen ka kontakte yo lè m gen kesyon oswa enkyetid?
3. Ki pi bon fason pou lekòl la avè m pataje enfòmasyon epi rete konekte?

### Aksè ak Lang

1. Èske lekòl la ak/oswa distri a ofri sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon?
2. Kòman mwen ka mande pou yon entèprèt lè m bezwen kominike ak pwofesè a oswa lè m gen yon reyinyon ak yon moun nan lekòl la?

### Angajman

1. Èske gen yon bagay enpòtan mwen ta dwe konnen soufason bagay yo mache nan lekòl la?
2. Ki opòtinite ki disponib pou m kolabore aktivman ak lekòl la ak/oswa patnè kominotè yo? – pa egzanp: ede planifye evènman ak aktivite, patisipe nan pran desizyon oswa patisipe nan efò pou amelyore lekòl la.
3. Ki opòtinite ki disponib pou fanmi yo pataje opinyon yo, kolabore ak anplwaye lekòl la, oswa konekte ak lòt fanmi nan lekòl la ak nan kominote a?

# **Sipòte Aprantisaj Elèv la, Pwogrè Akademik li ak Pran Swen Byennèt li**

Ou gen dwa pou konprann kijan y ap sipòte pitit ou a nan lekòl la, nan klas la ak tou nan lòt aspè lekòl la. Seksyon sa a ofri kesyon ou ka itilize pou defann objektif lang ak aprantisaj pitit ou a epi pou mande yon anviwònman ki an sekirite e ki enklizif kote chak elèv ka devlope sosyalman, emosyonèlman, e akademikman.

## **Sipò ak Opòtinite Akademik**

1. Ak ki moun mwen ka pale si m gen kesyon sou kourikoulòm lekòl la oswa sal klas la, enstriksyon, pwogramasyon lang, oswa plasman nan klas?
2. Ak ki moun mwen ka pale si m gen kesyon oswa bezwen sipò konsènan pwogrè akademik pitit mwen an, devlopman langaj li, oswa enkyetid nan klas la?
3. Ki opòtinite ki disponib pou m kolabore ak lekòl la epi sipòte aprantisaj pitit mwen an lakay ak nan klas la?
4. Kí kote m ka jwenn enfòmasyon sou resous akademik, sipò siplemantè, oswa opòtinite tankou bous etid, epi preparasyon pou kolèj oswa karyè pou pitit mwen an?

## **Byennèt ak Sèvis Sipò**

1. Kòman lekòl la kreye yon anviwònman ki akeyan pou elèv k ap aprann plizyè lang epi ede yo santi yo an sekirite, enkli, e sipòte sosyalman ak emosyonèlman?
2. Kòman lekòl la jere entimidasyon ak asèlman nan kominote lekòl la?
3. Kòman lekòl la sipòte elèv k ap viv estrès lakay yo?
4. Kòman lekòl la kolabore ak òganizasyon kominotè pou sipòte elèv ak fanmi ki pale plizyè lang?
5. Èske gen sèvis sante mantal ki disponib pou elèv nan lekòl la oswa nan kominote a, epi kòman yo ka jwenn aksè a yo?
6. Kòman mwen ka aprann sou aktivite apre lekòl ki disponib pou pitit mwen an?

Ki lòt kesyon ou genyen? Itilize espas anba a pou ajoute lòt kesyon ou ta renmen poze edikatè yo.